# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 मार्च 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवें कि फार्मा सेक्टर में उत्तर प्रदेस पहिले उपभोक्ता राज्य रहल। दवाई आ अउरियों जरूरी मेडिकल उत्पाद बहरे से आवत रहे। अब उत्तर प्रदेस फार्मा सेक्टर क उत्पादक अउर निर्यातक बनि जाई। एकरे बदे सरकार दुई हजार एकड़ में फार्मा पार्क बनवा रहलि हवे। प्रदेस में मेडिकल डिवाइस पार्को बनि रहल हवे। एहसे फार्मेसी के क्षेत्र में नौजवानन के ढ़ेर मौका मिली।

मुख्यमंत्री आजु मदन मोहन मालवीय प्रोद्योगिक विश्वविद्यालय में चौबीस करोड़ ओनहत्तर लाख रूपिया के लागत से बने वाली फार्मेसी बिल्डिंग के शिलान्यास के मौका पर बोलत रहलें। ऐह दौरान उहां के स्वामी विवेकानन्द युवा सशक्तिकरण योजना के जरिये चारि हजार विद्यार्थियन के टैबलेट अउर स्मार्टफोन बंटलीं।

श्री योगी कहले कि आजु से सात साल पहिले ले यूपी में सबकुछ रहे बाकिर आगे बढले के संकल्प क कमी रहल। प्रदेस उहे बाटे लोगि उहें हउवें, मसीनरियों उहें हउवें बाकिर कार्य संस्कृति बदल त ओकर नतीजा सबके सामने बाटे। आजु उत्तर प्रदेस नया अउर बदलल देखाई देता।

ई प्रगति अउर निवेस क प्रदेस बनि गइल हउवे। एइजा हर सेक्टर में पुरहर मौका अउर आगे बढ़ले क सम्भावना बाटे। नौजवानन के प्रेरित करत मुख्यमंत्री कहलें कि जिनगी में असम्भव कुछऊ नइखे। ई सब्द उनहन लोगिन बदे अउहवे जवन लोगि कुछु नाहीं करे लें, जिनके लग्गे सामर्थ्य, बिस्वास अउर साहस बाटे उनहन लोगिन खातिर सक कुछ सम्भव बाटे। उहां के कहलीं कि जहवां चुनौती होई, ओइजा सम्भावनो रही। सम्भावना अउर मौका से कब्बो चुके के नाहीं चाही।

ओहर मुख्यमंत्री गोरखपुर के मानबेला इलाका में एक हजार आठ सौ अठहत्तर करोड़ क छिहत्तर गो विकास परियोजना क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें। एहमें गोरखपुर विकास प्राधिकरण क अठारह सौ करोड़ रूपिया क लागति वाली राप्तीनगर विस्तार टाउनसिप अउर स्पोर्ट्स सिटी परियोजना क लोकारपण अउर सिलान्यासो सामिल हवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु सिद्धार्थनगर के माधव प्रसाद त्रिपाठी राजकीय मेडिकल कॉलेज में नर्सिंग कॉलेज क सिलान्यास कइलें सथहीं एक हजार आठ सौ पचासी करोड़ क पांच सौ एक्यावन विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि डबल इंजन के सरकार के लगातार कोसिस से सिद्धार्थनगर जिला के पिछड़ेपन क दंस मिटि गइल हवे। अबले आकांक्षात्मक जिलन के श्रेणी में आवे वाला ई जिला अब विकसित जिला के रूप में तेजी से आगे बढ़ि रहल हवे। उहां के ईहो कहलीं कि आजु पूरा देस प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के विकसित भारत के संकल्प से जुड़ि चुकल हउवे अउर ई संकल्पना विकसित उत्तर प्रदेसे से साकार होई बाकिर विकसित उत्तर प्रदेस तब्बे होई, जब सिद्धार्थनगर विकसित होई अउर एकरे बदे भाजपा क भइल बहुत जरूरी बाटे।

श्री योगी कहलें कि ई जिला दसकन से येही नाते पिछड़ल रहल, काहें से कि एइजा जिनगी बितावे बदे न त बुनियादी सुविधा रहे अउर न त रोजिगार क मौके रहे। माफिया गरीबन क हक मारि देत रहलें अउर सरकारी योजना क फायदा जनता के मिलते नाहीं रहे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु बलरामपुर जिला में माँ पाटेश्वरी देवी राज्य विश्वविद्यालय क नेइ धइले के सथहीं एक हजार चारि सौ अट्ठासी करोड़ नवासी लाख क चारि सौ छाछठ अउर श्रावस्ती जिला के दुइ सौ साठि करोड़ क एकतीस विकास परियोजना क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि बलरामपुर में विश्वविद्यालय क बाति कब्बो कल्पना रहे बाकिर हमहन के आजु ओहके साकार करे जा रहल हईं।

मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री के प्रेरणा अउर मार्गदरसन से आकांक्षात्मक जिलन के विकसित जिलन के श्रेणी में ले अइले क कोसिस हो रहल बाटे। बलरामपुर अउर श्रावस्ती क गौरवसाली इतिहास रहल हउवे। एइजा मां पाटेश्वरी क किरिपा पूरा इलाका में बरसे ला। भारत अउर नेपाल क सरधालु हर सालि ढेरि संख्या में एइजा दरसन करे आवे लें। श्री योगी कहलें कि जवने श्रीरामजन्मभूमि पर भगवान राम के बिराजित भइले क गौरवमयी क्षण क हमहन के हाले में साक्षी बनल हईं, ओकरे बदे ओन्नइस सौ ओन्चास के एइजा लिहल गइल हर संकल्प जरूर पूरा होला।

**********

बनारस में आजु भिन्नहीं इग्यारह बजे से ले के दुइ बजे ले यातायात व्यवस्था महिला पुलिस करमियन के हाथे में रहल। सज्जो चौराहन, प्रमुख बजारिनि अउर धारमिक स्थलन पर महिला पुलिस करमी यातायात व्यवस्था सम्हरलिनि। बनारस क पुलिस आयुक्त कमिश्नरेट मोहित अग्रवाल के पहल पर महिला पुलिस करमी यातायात व्यवस्था क संचालन कइलिनि।

**********

प्रदेस में संचारी रोग नियंत्रण अभियान अउर दस्तक अभियान एक अपरैल से सुरू हो के तीस अपरैल ले चली। अभियान के जरिये सफाई व्यवस्था के सथहीं कई गो विभागन अधिकारी अउर करमचारी तालमेल बना के लोगिन के सफाई अउर पानी से होखे वाली बेमारियन के बारे में जागरूक करिहें। येही क्रम में आजु मिर्जापुर में मुख्य चिकित्साधिकारी सम्बन्धित अधिकारियन के जरूरी दिसा–निरदेस दिहलें।

**********